

ÈSKE TIBEBE W LA PARE POU LI PRAN PLIS KALITE MANJE?

A close-up photograph of a baby with dark hair, wearing a yellow bib with an orange border, sitting in a high chair with a red and white striped backrest. The baby is looking to the right while an orange spoon feeds them. Some yellow food is smeared on the baby's chin. The background is a bright, out-of-focus outdoor scene with green foliage.

Ant 6 jiska 8 mwa, tibebe w la ka pare
pou li pran plis gou ak plis fòm manje!

Varyete—bay lavi a gou!

Kòman pou mwen kòmanse?

Pou tibebe w la, tout bagay se yon kiryozi ak yon nouvo eksperyans, epi manje ap vin byen rapid enterè nimewo en (1) li! L ap gade w k ap manje. L ap chèche gode oswa kiyè. L ap itilize dwèt li pou li pran objè yo. Tout sa yo se siy ki montre li pare pou li pran manje ki pi pwès. Keson ak repons sa yo ka ede jwenn plis enfòmasyon sou kilè ak kijan pou w mete diferan fòm ak manje bay tibebe w la.

Kilè mwen ka fè tibebe m nan manje divès varyete manje?

Gen kèk tibebe ki pran tan pou renmen diferan kalite manje—men lanmou sa kòmanse kounye a! Men kòman pou montre tibebe w la renmen yo: Fè li pran gou nan yon pire oswa ba li manje ki an pire. Si li pa renmen li, eseye ba l ankò pandan kèk jou, oswa eseye melanje li ak yon bagay li renmen. Si l toujou pa sanble renmen li, ba li yon manje li pi renmen, epi eseye nouvo manje a ankò nan jou kap vini yo. Rete pasyan epi kontinye fè sa pandan omwen 10 jou—ou ka bezwen eseye pandan 10 jiska 15 fwa anvan l manje li!

Kite tibebe w la deside kisa l renmen ak kisa li pa renmen!

Tout moun gen gou ki diferan. Pa kite gou pèsònèl ou nan manje deside kisa pou bay tibebe w.

E pou sa ki konsène ji fwi yo?

Tibebe yo pa bezwen ji fwi. Lè yo bwè ji li kapab ba yo lestomak fò mal, gaz oswa dyare. Fwi yo plen ak fib ak konsistans, se yon pi bon chwa pase ji fwi.

Èske tibebe mwen an ka manje menm manje ak fanmi an?

Chak ti bebe diferan epi yo abitye ak nouvo fòm manje a ak pwòp vitès yo. Sepandan, depi yo vinn abitye manje pire, pifò tibebe yo ka dousman avanse nan yon fòm ki gen plis grenn. Kounye a ou kapab kòmanse prezante ti pòsyon manje fanmi an, tankou fwi mou kraze, legim kwit, zaboka ak pwa, epi ofri yo ba li sou plato chèz wo li a. Li kapab pratike sou fason pou kenbe yon gode!

Kijan m ap fè konnen lè vant tibebe mwen an plen?

Pou kounye a, ou abitye ak rèl tibebe w la lè li fatigue, grangou oswa fache. Nan pa twò lontan ou pral konnen lè vant li plen. Li ka chita dèyè, vire tèt li lwen manje, oswa pouse manje a lwen. Li ka ralanti fason l ap manje l, oswa li pa vle ouvri bouch li. Sepandan li kominike pou di vant li plen, respektè sa li ap di a, epi suiv siyal li yo. Lè w ankouraje l pou l pran "jis yon sèl mòde anplis" se pa yon bon lide, epi li ka fè l manje twòp, vin twò gwo epi gen obezite.

Amize w!

Manje avèk tibebe w epi fè moman w ap ba l manje a amizan ak relaksan. Atann pou li fè dezòd—li fè pati plezi a!

modèl manje

Manje maten

- 2 kiyè sereyal pou tibebe ki prepare
- 2 kiyè pire oswa pire fwi

Apremidi

- 2 kiyè pire oswa legim pire

Nan sware

- 2 kiyè pire oswa legim pire oswa fwi
- 2 Tkiyè pire oswa pire vyann

Tibebe ki gen sis (6) jiska 8 mwa toujou nan tete oswa ap bwè lèt tibebe pou grandi ak devlope. Nan laj sa a, li pran jeneralman sis oswa plis tan nan yon jounen pou bay tibebe yo tete. Lè nou bay tibebe lèt tibebe, li pran 21 jiska 30 ons nan yon jounen.